

calorie	kalori	Kantite chalè ki nesèsè pou ogmante tanperati yon gram dlo pi a yon degre Sèlisyis.
calorimeter	kalorimèt	Yon aparèy izole ki itilize pou mezire kantite chalè ki degaje oswa ki absòbe nan yon pwosesis fizik oswa chimik.
camouflage	camouflaj	adaptasyon estriktirèl ki pèmèt espès yo mele avèk anviwònman yo; li pèmèt yon espès pa kite predatè detekte li.
cancer	kansè	divizyon selilè enkontwole ki ka fèt akòz faktè ak/oswa chanjman anviwònman nan pwodiksyon anzim nan sik selilè.
capacitance	kapasitans	Rapò ant chaj ki estoke nan yon objè ak diferans potansyèl elektrik li.
capillaries	kapilè	veso sangen mikwoskopik ki gen yon pawa sèlman nan yon sèl sèlil epè ki gen pawa ki pèmèt difizyon gaz ak eleman nitirtif ant san an ak tisi ki nan antouraj li.
carbohydrate	idwat kabòn	konpoze òganik selil yo itilize pou estoke ak degaje enèji; li fòme avèk kabòn, idwojèn ak oksijèn.
cardiac muscle	misk kadyak	kalite misk envolonètè ki nan kè a sèlman.
carrier	pòtè	yon moun etewozigòt pou yon karakteristik espesifik.
carrying capacity	kapasite pòtez	Kantite òganis yon anviwònman espesifik ka sipòte.
cartilage	katilaj	sibstans di ak fleksib ki fòme eskelèt agnat yo (pwason vètebre san machwa), reken ak pwason ki nan menm espès ak yo, epitou avèk eskelèt zannimo ki gen zo.
cast	depouy	Fosil ki fòme lè premye fosil yon plant oswa yon zannimo sòti nan yon kavite ki vin plen avèk mineral oswa sediman.
catalyst	katalizè	Yon sibstans ki ogmante to yon reyaksyon chimik lè li diminye enèji aktivasyon yo men san li pa detwi nan reyaksyon an.
cathode	katòd	Nan selil elektwochimik, se elektwòd kote gen rediksyon.
cathode ray	reyon katodik	Yon reyon radyasyon ki sòti nan katòd la epi ki ale nan anòd yon tib katodik.
cation	kasyon	Yon iyon ki gen yon chaj pozitif.
cave	gwòt	Ouvèti anba tè ki konekte avèk sifas tè, anjeneral li fòme lè nap freyatik la fonn kalkè yo.

cell cycle	sik selilè	sekans kwasans san rete (entèfaz) ak divizyon (mitoz) nan yon selil.
cell	selil	inite debaz tout òganis; tout kreyati vivan ki fòme avèk selil.
cellular respiration	respirasyon selilè	pwosesis chimik kote mitokondri a separe molekil manje pou pwodui ATP (adenozin trifosfat).
cementation	semantasyon	Pwosesis fòmasyon wòch sedimantè ki fèt lè mineral ki fonn presipite nan nap freyatik la epi swa yon nouvo mineral devlope ant grenn sediman yo oswa menm mineral la devlope ant ak sou grenn yo.
center of mass	sant mas	Pwen sou yon objè k ap deplase nan menm direksyon yon patikil pwen an ta deplase.
central nervous system (CNS)	sistèm nève santral (SNC)	nan imen, se sant kontwòl santral sistèm nève ki fòme avèk sèvo ak ak mwal epinyè a.
centrifugal “force”	fòs santrifij	Fòs ki bay enpresyon li rale yon objè mobil, men li pa egzèse yon pouse eksteryè fizik sou li, epi fòs sa a obsève sèlman nan monti referans ki an wotasyon.
centrioles	santriyòl	nan selil animal, se yon pè ti estrikti silendrik ki fòme avèk mikwotibil ki double nan entèfaz la epi ki deplase nan pol opoze selil la pandan pwofaz la.
centripetal acceleration	akselerasyon santripèt	Akselerasyon k ap chèche sant yon objè k ap deplase nan yon sèk a yon vitès konstan (ki pa chanje).
centripetal force	fòs santripèt	Fòs nè ki egzèse nan direksyon sant sèk ki lakòz yon objè gen akselerasyon santripèt.
centromere	santwomè	estrikti selilè ki ini de (2) kwomatid sè yon kwomozòm.
cerebellum	sèvèl	pati ki annaryè sèvo a; li kontwole ekilib, pozisyon ak kowòdinasyon.
cerebrum	serebwòm	pi gwo pati sèvo a; li fòme avèk de (2) emisfè ki konekte ak boul nè yo; li kontwole aktivite konsyan, entelijans, memwa, langaj, mouvman misk eskelèt ak sans yo.
cervix	kòl matris	pati pi ba matris la ki pwolonje nan yon ouvèti etwa andedan vajen an.
chain reaction	reyaksyon an chenn	Pwosesis san rete reyakasyon fisyon k ap repete akòz degajman netwon nan reyakasyon fisyon ki te fèt anvan yo.
chemical bond	lyezon chimik	Fòs ki kenbe atòm eleman yo ansanm nan yon konpoze.

chemical change	chanjman chimik	Yon pwosesis ki youn oswa plis sibstans k ap chanje an nouvo sibstans; li rele youn reyaksyon chimik.
chemical equation	ekwasyon chimik	Yon metòd ki itilize fòmil chimik pou dekri idantite ak kantite relatif reyaktan ak pwodui ki patisipe nan youn reyaksyon chimik.
chemical equilibrium	ekilib chimik	Metòd kote reyaksyon nòmal ak envès balanse youn ak lòt paske yo pran menm vitès pou fèt.
chemical property	pwopriyete chimik	Posiblite oswa enposiblite youn sibstans pou konbine avèk youn nouvo oswa plis nouvo sibstans oswa pou chanje an youn nouvo oswa plis nouvo sibstans.
chemical reaction	reyaksyon chimik	Pwosesis kote atòm yo youn oswa plis sibstans reranje pou fòme sibstans diferan.
chitin	kitin	idrat kabòn konplèks ki fòme avèk pawa selil chanpiyon.
chlorophyll	klowofil	pigman ki absòbe limyè nan plant ak nan kèk pwotis ki nesèsè pou fotosentèz la; li absòbe pifò longèdonn limyè, sof vèt la.
chloroplasts	klowoplas	òganèl ki gen klowofil ki nan sèlil plant vèt ak nan kèk pwotis; li kaptire enèji limyè epi li konvèti li an enèji chimik.
chromatin	kwomatin	granil long ADN ki nan nwayo selil ekaryòt; li kondanse pou fòme kwomozòm.
chromatography	kwomatografi	Yon teknik ki itilize pou separe konpoze youn melanj ki baze sou tandans chak konpoze pou deplase oswa pou rasanble palòtbò sifas youn lòt sibstans.
chromosomal mutations	mitasyon kwomozomik	mitasyon (chanjman) ki fèt nan nivo kwomozòm nan ki lakòz chanjman nan distribisyon jèn nan gamèt yo pandan meiyoz la; sa fèt lè pati kwomozòm yo separe oswa reyini youn fason ki enkòrèk.
chromosomes	kwomozòm	estrikti selil ki pote sibstans jenetik ki kopye ak pase de jenerasyon an jenerasyon selil yo.
cilia	sil	pwojeksyon tankou cheve ki kout ak an grann kantite epi ki fòme avèk mikwotibil; yo ede souvan nan lokomosyon.
cinder-cone volcano	vòlkan kòn sann	Vòlkan jeneralman piti ki gen kote apik ki fòme akòz akimilasyon tefra ozalantou chemine a.

circadian rhythm	ritm sikadyen	konpòtman natirèl ki baze sou sik 24 èdtan jou a; li anba kontwòl limyè; li ka detèmine lè yon zannimo ap dòmi ak lè li reveye.
class	klas	gwoup taksonomik lòd ki sanble.
classical conditioning	kondisyònman klasik	aprantisaj an asosyasyon.
clastic	klastik	Dekri fragman wòch ak mineral degradasyon ak ewozyon pwodui epi yo klase selon gwosè ak fòm patikil yo.
cleavage	klivaj	Pwopriyete yon mineral genyen pou li kase san pwoblèm epi menm ansanm avèk youn oswa plizyè plan plat.
climate	klima	mwayèn tanperati yon zòn patikilye sou yong peryòd tan.
climax community	kominote klimasik	yon kominote estab ak adilt ki gen ti chanjman oswa ki pa gen chanjman ditou nan espès yo nan yon peryòd tan.
clones	klòn	kopi jenetik ki idantik pou yon òganis oswa yon jèn.
closed circulatory system	sistèm sikilatwa fèmèn	Sistèm kote san an deplase atravè kò ki fèmèn nèt nan yon seri veso sangen.
cochlea	kochle	estrikti an fòm eskago nan zòrèy entèn ki gen likid ak cheve; li pwodui enpilsyon elektrik sèvo a entèprete tankou son.
codominant alleles	alèl kodominan	modèl kote fenotip toulède paran omozigòt yo pwodui nan pwojeniti etewozigòt pou toulède alèl yo ka eksprime menm jan.
coefficient	koyefisyan	Nan yon ekwasyon chimik, se chif ki ekri devan yon reyaktan oswa pwodui; li endike pi piti kantite patikil sibstans ki mele nan reyaksyon an.
coelom	koyelom	kavite kò ki plen likid; mezodèm nan antoure li nèt.
cogeneration	kojenerasyon	Pwodiksyon de (2) fòm enèji itilizab anmenmtan nan menm pwosesis la; enèji sa a ka konsève resous epi li ka jenere revni.
cohesive forces	fòs koyesif	Fòs atraksyon elektwomayetik ki, menm jan ak patikil yo, egzèse sou yon lòt; li responsab tansyon sipèfisyèl la ak viskozite a.
cold wave	onn fwa	Long peryòd tanperati ki pi ba pase tanperati nòmal yo akòz gwo sistèm wot presyon ki sòti nan pol kontinantal oswa pòl aktik.

colligative property	pwopriyete koligatif	Yon pwopriyete fizik yon solisyon ki depann de kantite, men pa de idantite, patikil solite ki fonn ki disoud yo.
collision theory	teyori kolizyon	Endike atòm yo, iyon yo ak molekil yo dwe fè kolizyon pou yo ka reyaji.
colloids	koloyid	Melanj etewojèn ki genyen patikil ki pi gwo pase patikil solisyon an, men ki pi piti pase patikil sispansyon ki klase en kategori selon etap patikil ki dispèse ak mwayen dispèsyon yo.
colony	koloni	gwoup òganis iniselilè oswa miltiselilè k ap viv ansanm nan yon asosyasyon ki pwòch.
coma	koma	Volim pwolonje gaz enkandezan ki fòm lèt nwayo yon komèt chofe.
combined gas law	lwa konbinezon gaz	Pou yon kantite fiks gaz ideyal, presyon an multipliyè pa volim nan, epi divize pa tanperati Kelven an egal yon konstant.
combustion reaction	reyaksyon konbistyon	Se yon reaksyon chimik ki fèt lèt yon sibstans reyaji avèk oksijèn pou li degaje enèji sou fòm chalè ak limyè.
comet	komèt	ti kò k ap vire sou òbit lwen ak sant li; li fòm avèk wòch ak glas ki genyen yon nwayo, yon koma ak youn oswa plizyè ke k ap dirije lwen solèy la.
commensalism	kòmansalis	relasyon senbyotik kote yon espès jwenn avantaj epi lòt espès yo pa jwenn ni domaj ni avantaj.
communication	kominikasyon	echanj enfòmasyon ki pèmèt yon chanjman konpòtman.
community	kominote	melanj plizyè popilasyon ki an kominikasyon epi ki abite yon anviwònman komen.
companion cells	selil konpay	selil nikleye (ki gen youn oswa plizyè nwayo) ki ede pote sik ak lòt konpoze òganik atravè selil kribble floyèm nan.
complementary color	koulè konplèmantè	Se yon koulè limyè ki pwodui yon limyè blan lè li konbine avèk yon lòt koulè limyè.
complex reaction	reyaksyon konplèks	Yon reaksyon chimik ki fèt an de (2) oswa plizyè etap elemantè.
components	konpozant	Pwojeksyon vektè konpozan yo.
composite volcano	vòlkan konpozit	Gwo vòlkan a pant ki fòm akòz eripsyon vyolan fragman ak lav vòlkanik ki akimile nan kouch an altènans.

compound	konpoze	sibstans ki fòm avèk atòm de (2) oswa plizyè eleman diferan ki konbine sou fòm chimik.
compound light microscope	fotomikwoskòp konpoze	enstriman ki itilize limyè ak yon seri lantiy pou gwosi objè pa etap; li ka gwosi yon objè jouk 1500 fwa gwosè orijinal li.
concave lens	lantiy konkav	Se yon lantiy divèjan ki gen pati santral li pi mens pase bò li yo epi ki gaye reyon limyè k ap pase atravè li lè yon materyèl antoure li avèk yon fèb endis refraksyon; li ka pwodui yon pi piti imaj vityèl ki dwat.
concave mirror	miwa konkav	Se yon miwa ki reflekte limyè sifas kouban li alenteryè epi ki ka pwodui swa imaj vityèl ki dwat swa imaj reyèl alanvè.
concentration	konsantrasyon	Yon mezi kantitatif kantite solite nan nenpòt kantite sòlvan oswa solisyon.
conclusion	konklizyon	Yon jijman ki baze sou enfòmasyon ki disponib.
condensation	kondansasyon	pwosesis pou degaje enèji kote yon gaz oswa vapè tounen yon likid.
condensation nuclei	nwayo kondansasyon	Ti patikil ki nan atmosfè a; goutlèt nyaj ka fòm ozalantou yo.
condensation polymerization	polimerizasyon pa kondansasyon	Sa fèt lè monomè ki gen omwen de (2) gwoup fonksyonèl konbine avèk pèt yon ti derive, anjeneral dlo.
conditioning	kondisyònman	repons pou yon estimilis asosye avèk yon aksyon espesifik.
conduction	kondiksyon	Transfè enèji ki fèt lè molekil yo fè kolizyon; sa fèt sèlman lè sibstans yo an kontak youn ak lòt.
conductor	kondiktè	Se yon matyèl, tankou kuiv; atravè li yon chaj ap deplase san pwoblèm.
cones	kòn	yo nan konifè; estrikti ak kal ki sipòte estrikti repwodiktif mal oswa femèl; estrikti a kal kèk grenn plant pwodui; estrikti sa yo sipòte estrikti repwodiktif mal oswa femèl epi yo reprezante sit repwodiksyon grenn nan. Selil resepte nan retin nan ki adapte pou vizyon pisan nan deteksyon limyè ki klere anpil ak koulè.
conjugation	konjigezon	fòm repwodiksyon seksyèl nan kèk bakteri kote youn bakteri transfere tout oswa yon pati sibstans jenetik li nan yon lòt atravè estrikti tankou pon ki rele pilis.
conservation biology	byoloji konsèvasyon	domèn byoloji ki etidye metòd ak plan egzekisyon pou pwoteje divèsite byolojik.

consonance	konsonans	Yon seri ton mizik ki agreyab.
constellation	konstelasyon	Gwoup etwal ki fòme yon modèl nan syèl la ki sanble ak zannimo, karaktè mitolojik oswa objè moun konnen.
continental drift	deriv kontinan	Ipotèz Wejenè ki endike kontinan latè yo te ini sou fòm yon senp mas tè, ki rele Panje, ki separe depi apeprè 200 milyon ane epi ki deplase lantman nan pozisyon yo gen kounye a.
continental glacier	glasye kontinantal	Glasye ki fòme sou yon gwo espas tè ki gen dimansyon kontinan epi ki gaye apati sant li.
continental margin	maj kontinantal	Pati yon kontinan ki anba dlo ak pati ki pi pa fon nan yon oseyan; li fòme avèk plato kontinantal la, pant kontinantal la ak elevasyon kontinantal la.
continental rise	elevasyon kontinantal	Akimilasyon lantman sediman an pant; se yon kouran tibidite ki depoze sediman yo nan pye yon maj kontinantal.
continental shelf	plato kontinantal	Pati ki pi pa fon nan yon maj kontinantal; li mezire yon mwayèn 130 mètr nan pwofondè ak yon mwayèn 60 kilomèt nan lajè; li gaye nan oseyan an apati rivaj la epi li pwokire yon abri ki rich ak eleman nitritif pou yon gwo kantite pwason.
continental slope	pant kontinantal	Rejyon oseyan an pant ki lòtbò plato kontinantal ki make jeneralman bòdi kwout kontinantal la epi ki ka koupe akòz kanyon soumaren yo.
contour interval	entèval kontou	Diferans nan altitud ant de (2) liy kontou ki kòtakòt sou yon kat topografik.
contour line	koub ipsometrik	Yon liy sou yon kat topografik ki konekte pwen altitud ki egal.
control	kontwòl	Nan yon eksperyans, se estanda ki itilize pou fè konparezon.
convection	konveksyon	Se yon kalite transfè enèji tèmik ki fèt nan mouvman yon fliyid an likid oswa gaz akòz diferans an tanperati.
conventional current	kouran konvansyonèl	Yon sikilasyon chaj pozitif ki deplase ant pi wo potansyèl ak pi ba potansyèl la.
convergent boundary	limit konvèjan	Espas kote de (2) plak tektonik tè a ap deplase nan direksyon youn lòt; li asosye avèk tranche, ak zile yo ak montay ki plwaye yo.

convergent evolution	evolisyon konvèjan	evolisyon kote òganis ki asosye aditans yo ap evolue karakteristik ki sanble; sa fèt lè espès ki pa asosye okipe anviwònman ki sanble.
conversion factor	faktè konvèsyon	Se yon rapò valè ekivalan ki itilize pou eksprime menm kantite a an inite diferan; li toujou egal a 1 epi chanje inite yon kantite san chanje valè li.
convex lens	lantiy konvèks	Yon lantiy konvèjan ki gen pati santral li pi epè bò li yo; li reflekte reyon limyè paralèl pou reyon yo ka rankontre nan yon pwen lè yon materyèl antoure li avèk yon fèb endis refraksyon; li ka pwodui yon pi piti imaj reyèl alanvè oswa yon pi gwo imaj vityèl ki dwat.
convex mirror	miwa konvèks	Yon miwa ki reflekte limyè sifas kouban alenteryè epi li pwodui yon imaj vityèl ki redui ak dwat.
coordinate covalent bond	lyezon kovalan kouwòdinasyon	Fòm lè yon atòm bay yon pè elektwon pou pataje avèk yon atòm oswa yon iyon ki bezwen vin estab.
coordinate system	sistèm kouwòdone	Yon sistèm ki itilize pou dekri mouvman pozisyon pwen zewo varyab ki etidye a ak direksyon kote valè varyab la ogmante.
Coriolis effect	efè Koryolis	Detounen patikil mobil yo tankou lè adwat anwo ekwatè epi agòch anba ekwatè a; se wotasyon tè a ki lakòz efè sa a; efè sa a konbine avèk dezekilib chalè ki sou tè a pou kreye alize yo, van lès polè yo ak van lwès dominan yo.
corona	kouwòn	Kouch siperyè atmosfè solèy la ki gaye depi anwo kwomofè a epi ki varye ant 1 milyon ak 2 milyon degre Kèlven an tanperati.
correlation	korelasyon	Seri wòch ki parèt nan sifas tè a ant yon zòn jeyografik ak yon lòt.
cortex	kòtèks	kouch tisi anbatè nan rasin nan ki patisipe nan transpò dlo ak iyon nan tisi vaskilè rasin nan.
cosmic background radiation	radyasyon kosmik natirèl	Fèb radyasyon ki rete depi premye etap radyo-aktif ekspansyon Big Bang linivè.
coulomb	koulon	Se estanda SI (Sistèm Entènasyonal) inite chaj; yon koulon, C, se grandè chaj 6.241018 elektwon oswa pwoton.
Coulomb's law	Iwa Koulon	Endike yon fòs ant de (2) chaj varye dirèkteman avèk pwodui chaj yo epi nan sans envès avèk kare distans ki genyen ant chaj yo.

courtship behavior	konpòtman frekantasyon	yon konpòtman enstenktif mal ak femèl yon espès genyen anvan yo akouple.
covalent bond	lyezon kovalan	Atraksyon de (2) atòm pou yon pè elektwon komen ki kenbe atòm yo ansanm.
cracking	krakaj	Pwosesis kote fraksyon petwòl ki trè lou yo konvèti an gazolin lè yo kase gwo molekil li yo pou fè yo vin molekil ki pi piti.
crater	kratè	Depresyon an fòm bòl, anjeneral ki mezire mwens pase yon kilomèt nan dyamèt, ki fòmè ozalantou chemine santral somè yon vòlkan.
creep	glisman lan	Mouvman an pant lan ak pwogresif materyo tè a ki desere nan move tan, espesyalman sòl yo, sa ki lakòz objè ki sou pant yo panche.
crest	krèt	Pi wo pwent yon onn.
critical angle	ang kritik	Sèten ang ensidans kote reyon limyè refrakte a travèse limit ki ant de (2) milye.
critical mass	mas kritik	Pi piti mas yon echantyon materyèl fisib ki nesèsè pou sipòte yon reyaksyon nikleyè an chenn.
Cro-Magnon	Kwo-Magnon	fòm modèn Homo sapiens (Omo sapyens) ki te gaye toupatou nan Lewòp depi 35000 ak 40000 ane; yo te idantik avèk moun modèn nan wotè, estrikti kràn ak dan, ak dimansyon sèvo.
cross-bedding	estratifikasyon antrekwaze	Karakteristik depo wòch sediman tè ki fòmè lè kouch sediman ki nan pozisyon oblik deplase annavan akote yon sifas orizontal.
cross-cutting relationships	relasyon antrekwazman	Prensip ki endike yon fay oswa yon entwizyon pi jenn pase wòch li travèse a.
crossing over	anjanbman kwomozomik (segregasyon)	echanj materyèl jenetik ant kwomatid ki pa sè nan kwomozòm omològ pandan pwofaz I meyo la; sa pèmèt konbinezon alèl yo.
crystalline solid	solid kristalen	Se yon solid ki gen atòm, iyon oswa molekil li yo òganize an yon estrikti ki òdone, jeyometrik ak tridimansyonèl; li ka klase selon fòm ak konpozisyon.
crystalline structure	estrikti kristalen	Modèl patikil jeyometrik regilye nan pifò solid yo ki bay yon solid yon fòm ak yon volim defini.
crystallization	kristalizasyon	Se yon teknik separasyon ki pwodui patikil solid pi yon sibstans nan yon solisyon ki genyen sibstans ki fonn.

cyanobacteria	syonobakteri	Pwokaryòt mikwoskopik ak fotosentetik ki te fòme estwomatolit epi ki te chanje premye atmosfè tè a an jeneratè oksijèn.
cytokinesis	sitokin	pwosesis selilè apre meyoza oswa mitoz kote sitoplas selil la divize epi separe nan nouvo selil.
cytoplasm	sitoplas	fliyid klè ak jelatine nan selil yo kote gen plizyè reyaksyon chimik; nan selil ekaryotik yo, li sispann òganèl selil yo.